



Pou Piblikasyon Imedya: 11/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO AVÈTI NOUYÒKÈ YO POU YO FÈ ATANSYON A ESKWOKRI NAN ENSKRIPSYON ELEKTÈ YO

*Apèl ak Mesaj Tèks k ap Ofri pou yo Enskri Rezidan yo pou yo Vote nan Telefòn ke yo te Rapòte ki Rive nan Konte Chemung ak Steuben*

*12 Oktòb se Dènye Jou pou Moun Enskri pou yo Vote nan Eleksyon Jeneral la*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te avize Nouyòkè yo pou yo pran fè atansyon a yon eskwokri nan enskripsyon elektè yo te rapòte ki rive nan Konte Chemung ak Steuben. Rezidan yo te rapòte yo resevwa apèl ak mesaj tèks nan yon nimewo ki gen aryè kòd 607 k ap ofri yo pou yo enskri pou yo vote epi mande yo bay enfòmasyon pèsònèl nan telefòn.

Yo pap fè enskripsyon pou vote a nan telefòn nan New York epi sila yo kontakte yo pa dwe angaje nan apèl nan telefòn ak mesaj tèks k ap ofri yo sèvis sa yo. Li espesyalman enpòtan pou moun ba bay enfòmasyon nan telefòn lè yo mande yo enfòmasyon yo nan fason sa a.

“Eleksyon yo se fondasyon demokrasi nou an, epi eskwokri tankou sa non sèlman konpwomèt sekirite yo, men yo konplètman menase entegrite eleksyon nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete vijilan epi pou yo rapòte aktivite yo sispèk sou eleksyon yo imedyatman pou yo ka pran aksyon kont yo epi fè sila ki enplike yo asime responsibilite yo.”

Moun ki enterese enskri pou yo vote yo gendwa fè sa an tout sekirite nan <https://www.ny.gov/services/register-vote>. Si ou pa fin sèten de estati enskripsyon w pou w vote, tanpri vizite <https://voterlookup.elections.ny.gov/>. Dènye jou pou moun enskri pou yo vote nan eleksyon jeneral New York la k ap 6 Novanm 2018 se 12 Oktòb.

Aprè rapò sou fwòd nan eleksyon prezidansyèl 2016 la, Gouvènè Cuomo te mete priyorite sou sekirite nan eleksyon New York yo pou asire ke eleksyon eta yo pa konpwomèt. Gouvènè a te pran plizyè aksyon, ki gen ladan yon [inisyativ](#) pou ranfòse enfrastrikti sibèsekirite toupatou atravè eta a ak yon [seri](#) egzèsis pou amelyore sistèm elektoral eta a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)